

Resous COVID-19 pou Moun Ki Pa gen Papye osinon ki pa Asire

Eta New Jersey an konsantre pou asire I ke tout moun, kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo ak/oswa si yo pa gen asirans sante, ke yo pwoteje nan epidemi an epi resevwa tès ak tretman ki apwopriye. Ou dwe pale ak yon pwofesyonèl medikal konsènan kilè ak kouman pou w chèche tès ak tretman. Tanpri li enfòmasyon sila yo avèk anpil atansyon:

Eske m kalifye pou tès COVID-19 la?

- ✓ Ou dwe abite nan New Jersey.
- ✓ Gen yon tous, lafyèv, ak souf kout.
- ✓ Ranpli Verifikatè Sentom COVID-19 la nan <https://self.covid19.nj.gov/> pou w wè si w dwe teste pou COVID-19 la. Zouti a pral ede w konnen ki aksyon w ka pran pou w pwoteje tèt ou ak sante moun ou renmen yo.

Ki kote mwen ka fè tès?

- 1** Sant Tès sou Machin. Li kondisyon pou chak sant tès yo anvan w soti lakay ou. Pou yon lis nan sit tès ak kondisyon yo vizite: <https://covid19.nj.gov/faqs/nj-information/testing-information/where-are-testing-centers-in-new-jersey>
Pri: Sa a *gratis*.
- 2** **Sant Sante Federal ki Kalifye (FQHCs).** Sant Sante Federal ki Kalifye yo (FQHCs) bay swen sante ak tès COVID-19 la san yo pa chaje tout moun ki pa gen asirans ak san yo pa konsidere kondisyon imigrasyon yo. Tanpri rele Sant Sante Federal Kalifye lokal ou a davans pou **disponiblite** ak **enstriksyon** yo. Ou ka jwenn yon lis Sant Sante Federal ki Kalifye yo nan: <https://www.nj.gov/health/fhs/primarycare/fhc/>.
Pri: Sa a *gratis*.
- 3** **Lopital - Pwogram Swen Charite.** Pri egzamen COVID-19 yo pral anile pou moun ki pa gen asirans ki kalifye pou swen charite. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou Pwogram Swen Charite a sou: <https://www.nj.gov/health/charitycare/>. Ou dwe pale ak yon founisè medikal anvan w ale nan lopital lokal ou a.

Resous COVID-19 pou Moun Ki Pa gen Papye osinon ki pa Asire

Règleman Chaj Biblik:

Kisa ki Chaj Biblik la?

Kèk moun ki aplike pou yon kat vèt (rezidans pèmanan ki legal) oswa yon viza pou antre Ozetazini dwe pase yon tès "chaj biblik". Tès "chaj biblik la" mande pou yon moun montre ke yo pa gen anpil chans pou yo vin depann de pwogram espesifik gouvnèman an. Nouvo tès chaj biblik la konsidere: Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP, EBT, Food Stamps), Lojman Biblik Federal ak Asistans seksyon 8, Medicaid (eksepte pou sèvis ijans, timoun ki poko gen 21 lane, fanm ansent ak nouvo manman yo), ak pwogram asistans lajan kach (tankou SSI, TANF, Asistans Jeneral). Tanpri verifye avèk founisè sèvis legal ou a si w gen nenpòt kesyon.

Eske m kapab fè tès la malgre Règleman Chaj Biblik la?



Wi, **Ofisyèl imigrasyon yo te konfime** ke tès, tretman, ak swen prevantif ki gen rapò ak COVID-19 pa pral afekte de fason negatif analiz yon moun nan chaj biblik la.

Pou plis enfòmasyon sou COVID-19:

**Tanpri vizite sant Enfòmasyon New Jersey a sou:
<https://covid19.nj.gov/>.**

Rele (Kesyon Jeneral sou COVID-19): 2-1-1
(7h am pou rive 11h pm)

Rele (Kesyon Klinik): 1-800-962-1253 (24 sou 24 / 7 jou sou 7)

Voye mesaj tèks NJCOVID nan 898-211 pou resevwa alèt yo

Liy Dirèk pou Sante Mantal: 866-202-4357
(8h am pou rive 8h pm)

